

Pou Piblikasyon Imedya: 10/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE RESOUS ENTÈVANSYON APRE TANPÈT POU
PREPARE POU TRAJÈ DANJERE NAN MÈKREDI MATEN**

Tanpèt la pral kontinye pandan lannuit rive nan mèkredi matin

Jiska de pous lanèj pral kreye kondisyon danjere pandan trajè nan matin an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande jodi a pou resous entèvansyon apre tanpèt eta a prepare pou yon trajè nan mèkredi matin ki ka danjere nan pati sid eta New York pandan tanperati yo ap bese lannuit epi yon tanpèt kòmanse. Sèvis Meteyo Nasyonal la (National Weather Service) aktyèlman prevwa rejyon an pral resevwa jiska de pous lanèj pandan lannuit rive nan mèkredi matin. Gen yon Avi Meteyo pou Sezon Ivè ki te sòti pou alète sou posiblite ke kondisyon wout yo ka glise epi vizibilite a ka redui nan tout Vil New York, Long Island ak Konte Westchester pandan sistèm lan ap deplase nan rejyon an. Nou konseye Nouyòkè yo pou kondui ak pridans epi siveye mizajou previzyon meteyowolojik yo trè prè epi obeyi tout konsiy ijans lokal yo.

"Tanpèt sa gen potansyalite pou kreye kondisyon difisil nan wout nou yo ki pral afekte trajè nan matin nan pifò zòn metwopolitèn nan Vil New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen konseye Nouyòkè yo pou kite kay yo bonè pou ale travay si sa posib, ralanti epi itilize prekasyon anplis pandan y ap vwayaje."

Nan Madi, Sèvis Meteyo Nasyonal la prevwa tanperati nan ane 50 yo, syèl nyaje ak posibilite pou gen lapli nan rejyon Mid-Hudson, Vil New York ak Long Island. An jeneral, gen previzyon pou mwens pase yon dizyèm pous presipitasyon. Kòm yo prevwa tanperati yo ap tonbe plis pase 25 degre, lapli a ap vire an lanèj pandan lannuit sa ki ka lakòz difikilte nan trajè yo nan mèkredi matin. Tan pou lanèj la fini nan Mèkredi matin, sistèm lan ta sipoze tonbe jiska de pous lanèj nan pati sid eta New York la.

Lòt kote, zòn ki abitye afekte ak lanèj efè lak nan Lwès New York, Finger Lakes, New York Santral ak North Country peyi a gen previzyon pou genyen ant twa ak senk pous lanèj. Sèvis Meteyo Nasyonal la te sòti tou Avi Meteyo pou Sezon Ivè pou zòn sa yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [sitwèb](#) Sèvis Meteyo Nasyonal la.

Preparasyon Ajans

Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a prè pou yo reponn avèk 3,578 sipèvizè ak operatè disponib. Resous yo pou tout eta a se konsa:

- 1582 gwo kamyon chasnèj
- 186 chasnèj mwayen

- 52 remòk chasnèj
- 330 gwo chajè
- 37 souflez nèj

Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a gen plis pase 686 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 226 gwo chas nèj, 103 chas nèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 63 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 115,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Otorite Thruway la ap ankouraje otomobilis tou pou yo telechaje [aplikasyon mobil](#) li an ki disponib gratis sou aparèy iPhone ak Android yo. Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans pou navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo kapab enskri tou pou imèl [TRANSalert](#) k ap bay dènye kondisyon sikilasyon yo sou Thruway la [isit la](#).

Divizyon Polis Eta a (Division of State Police)

Lapolis Eta New York te òdone Manm Patwouy yo pou siveye depre kondisyon yo nan zòn ki afekte yo. Tout veyikil patwouy kat pa kat yo an sèvis epi tout veyikil espesyalite yo, ki gen ladan yo motonèj ak veyikil itilite yo, deja an pozisyon epi yo pare pou deplwaman.

Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC)

Ofisye Lapolis Pwoteksyon Anviwònman DEC yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Dijans yo, ak anplwaye rejyonal yo nan eta dalèt epi yo ap siveye sityasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn ak enfrastrikti ki gen anpil chans pou yo sibi dega poutèt move tan. Tout resous disponib yo prè pou ede ak nenpòt repons ijans.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation)

Polis Pak Eta New York (New York State Park Police) ak anplwaye pak ret alète epi yo ap swiv depre kondisyon meteyowoljik ak enpak. Vizitè pak yo dwe tcheke parks.ny.gov oswa rele biwo pak lokal yo pou yo jwenn dènye nouvèl konsènan lè fonksyonman pak yo, lè ouvèti ak fèmti yo

Lòt konsèy sekirite

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak lanèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.

Li enpòtan pou chofè ki sou tout wout yo konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete

nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwochè ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa kondui si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo paske li ka fè glas la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye ki sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè w ap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Verifye machin ou gen ladan lenn, yon pèl, flach ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Kenbe tank gaz ou plen pou evite gazolin nan friz.
- Si ou gen telefòn selilè oswa yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè wap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.
- Asire w ke yon moun konnen plan vwayaj ou.
- Pandan w ap kondui, kenbe machin yo lwen glas ak lanèj.
- Planifye lè w ap rete epi kenbe distans ant machin yo. Toujou fè vitès ki bon pou kondisyon wout la ak meteyo a.
- Li enpòtan pou note chasnèj yo deplase ak vitès jiska 56 kilomèt pa è, sa ki souvan pi dousman pase limit vitès ki afiche a, pou garanti sèl y ap simaye a rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse sou kote wout yo. Souvan sou otowout ki travèse eta yo, chasnèj yo opere youn bò kot lòt, poutèt se jan ki pi efikas ak san danje pou debarase plizyè vwa alafwa.
- Otomobilis yo ak pyeton yo dwe kenbe nan tèt yo tou chofè chasnèj yo gen yon liy vizyèl limite, epi gwochè ak pwa chasnèj yo kapab fè sa difisil anpil pou yo fè mannev avèk yo epi kanpe yo rapidman. Nèj k ap soufle dèyè chasnèj la kapab redui vizibilite a anpil oswa nèt. Otomobilis yo pa dwe eseye double chasnèj oswa suiv yo twò pre. Kote ki gen mwens danje pou otomobilis yo kondui se a yon gran distans dèyè chasnèj yo kote wout la vid ak kouvri ak sèl.

Pou plis enfòmasyon sou sekirite nan tan ivè, tanpri ale sou sit wèb Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans la (Division of Homeland Security and Emergency Services) nan <http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)